lu weesu ñaari dojor yi ci koddaay sawara la jëm

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: "lu weesu ñaari dojor yi ci koddaay sawara la jëm".

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc moytandikuloo la góor ñi ñuy yoor lépp luy sàng suufu yaram wi ci mbubb walla tubëy, walla lu dul loolu ba mu nekk ci suufu dojori tànk yi, lu wàcc dojori tànk yi ci yére yu ñu yoor loolu sawara la jëm muy am mbugal ci jëfam ji.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/66386